



Konfyans

Konsiy: 1) Li entèdi pou gen selilè nan sal la.
2) Ou pa gen dwa pale nan sal la

3) Fè yon bon egzamen.

Tèta ki kwè li kapab gwo kon bèf

Yon tèta ki te bò dlo
Yon jou wè yon gwo Towo
Li rele Kamarad li:
-“Gade! Parye m a vini
Gwo tankou bèf sila a ! »
Yo tout pran ri : kwa ! kwa ! kwa!

-Ou pa gwo kon yon zegwi
Kòman pou ta fè gonfle
Ti kò ou, jouktan ou ta
Kapab vin gwo sa a ? »
Li di : eben, men ! Gade !
Zòt va wè si se pa vre !
« Mwen va rive menm pi lwen
Kalalou krab trangle mwen ! »
Li kòmanse anfle kò
Peze ! Peze ! Epi ; di, atò
Si mwen pa gwo tankou li
« Près ! Gade mwen byen ! Bichi !
Ou twò kout, ou te dive tann
Ou manje manje enpe bannann !
-« Malgre tou sa zòt va di,
Mwen genyen twòp lespri, pou
Mwen pa wè m ape gwosi »...
Lamenm, vant li pete : bow !
Respè , dwe lakonpayi !
Tout trip li soti deyò,
Epi lèzòt ba li tò
Nèg sòt ki vle fè li doktè
Aprale chèche doulè...
Si botin nan twò jis frè
Pito ou rete pye atè !

Georges Sylvain, Cric-Crac, 1901

Premye pati (30 pwen)

(5 pwen pou chak bon repons)

A) Konpreyansyon Tèks

- Kòman yo rele tip resi sa a ?
- Bay de (2) defo tèta a senbolize dapre lekti ou.
- Ki leson moral fabilis la vle nou aprann nan tèks la?
- Kisa nan tèks la ki ba li yon aspè dramatik ?
- Jwenn yon konparezon ak yon anafò nan tèks la.
- Eske tèks la ekri an pwoz oubyen an vè? Poukisa?

Dezyèm Pati

B) Gramè – Vokabilè – Tradiksyon (40 pwen)

- Konplete chak definisyon pi ba yo apati de mo sa yo : Metatèks- entètèks- Lodyans-apològ-otobiyografi- Kwonik. (6 pwen)
 - Yon resi kote otè a ap rakonte souvni li ak bann evènman ki te pase nan lavi li pote non _____
 - Si yon jan literè ayisyen, yon resi oral brèf. Donk, li rele _____
 - Resi ki swiv lòd tan rele _____
 - Yon ti resi ki rapòte yon istwa ki gen yon leson

f) Referans tèm ekspresyon ak lide ki mennen nan lòt tèks rele _____

2. Jwenn twa (3) mo fransè k ap tounen mo aglitine lè ou mete yo an kreyòl ayisyen. (6 pwen)

3. Nan fraz anba yo souliye ak yon trè mo ki fè pati vokabilè melyoratif epi antoure sa ki nan vokabilè pejoratif sa parèy. (6 pwen)

a) Tranblemantè 2010 la se te katastròf san parèy.

b) Mi kay la monte san fòm.

c) Janèt ak Sonya vrèman onèt sou katye a.

4. Konstwi yon fraz selon chak estrikti sa yo : (10 pwen)

a) Adv+Vèb+Det+N+Pwonon relatif+ Makè tan
+Vèb+Vèb+ Pwonon pèsònèl

b) Det endefini+Prep+N+Prep+Vèb+Adv

5. Konplete tablo anba selon endikasyon yo.

(6 pwen)

Fraz	Tan	Aspè
Bonm nan eksploze nan yon segonn.		
Joslin retounen fè menm aksyon an.		
Sofi genyen pou li ale Lafrans nan dezan.		

6. Tradui fraz a) an fransè, fraz b) an kreyòl ayisyen

(6 pwen)

- Majorite manm òganizasyon an pa deside retounen nan pòs yo.
- Lorsque tu auras reçu la nouvelle, tu pourras venir me voir.

CH- Pwodiksyon tèks (30 pwen)

Chwazi youn (1) nan sijè sa yo :

1. De (2) gwoup moun t ap diskite konsa :

a) Gwoup A deklare fòs yon peyi chita obligatwaman sou sa li pwodui pou tèt li.

b) Gwoup B panse fòs yon peyi depann de lòt k ap sipòte li nan divès domèn.

Aprè ou fin prezante agiman chak gwoup yo ak prèv pou chak, nan yon sentèz bay pozisyon ou sou pwoblèm ki poze a.

2. Nan yon tèks powetik ki nan vè lib, nan estwòf ki gen Senk (5) vè chak ; eksprime santiman degou ou pou anbisyon nan sosyete ayisyen an.

|